

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Can aya saurang ogé ahli anu bisa nyalusur nepi ka puhu, nepi ka kapanggih iraha gelarna hiji dongéng. Anu sidik, dogéng gelar bareng jeung ayana hiji kahirupan. Sakabéh bangsa di alam dunya mibanda dongéng anu ngagambarkeun pola pikir jeung pola kahirupan masarakatna sarta diwariskeun sacara tatalépa, turun-tumurun ti hiji entragan ka entragan sapandeurieunana.

Paraahli anu ngayakeun panalungtikan ngeunaan dongéng, geus ngayakeun tarékah pikeun ngumpulkeun rupa-rupa dongéng anu sumebar sacara tatalépa téa, sarta mimiti didokumentasikeun dina wangun tinulis. Husus pikeun dongéng Sunda, dokumentasi tinulis dongéng anu kapanggih sarta dianggap pangkolotna nyaéta anu dikumpulkeun dina buku *Soendanesche Bloemlezing* beunangna G.J. Grashuis anu medal taun 1881. Dina éta buku dikumpulkeun rupa-rupa dongéng sasatoan (fabel) jeung dongéng anu tokohna jalma biasa (parabel) anu dieuyeuban ku pragmén, conto-conto surat, carita Robinson Croesoe, jeung carita pantun.

Dongéng sasatoan anu dimuat dina ieu buku, éstuning parondok pisan. Lamun dibandingkeun jeung eusi Buku *Classic Australian Folklore* beunang ngumpulkeun A.K. Macdougall, aya sasaran dina cara nuliskeun dongéngna atawa pola caritana. Carita sarua ditulis dina wangun anu kacida pondokna, langsung kana klimak sarta ditungtungan ku amanat naon picontoeun jeung pieunteungeunana. Gaya nulisna pangarang langsung nyaritakeun, henteu maké raéhan atawa paguneman di antara palaku-palakuna.

Kitu deui dina buku *Dongéng-Dongéng Pieunteungeun* anu dikarang ku Radén Haji Moehamad Moesa anu medal taun 1907, dongéng-dongéngna ditulis dina pola anu sarua; parondok sarta langsung tujul kana maksud. Kakara dina buku *Dongéng-Dongéng Soenda* beunang ngumpulkeun Mas Saléh jeung Ardiinata anu

medal taun 1910, nulis dongéngna rada paranjang. Aya alur anu ngawangun struktur dongéng, sarta maksud atawa amanat anu ditepikeun dina éta dongéng henteu ditembrakkeun, tapi kudu dilenyepan heula ku anu maca.

Taun 1911, C.M. Pleyte medalkeun buku *Pariboga; Salawé Dongéng-Dongéng Soenda*, anu dina nuliskeun dongéngna beuki paranjang waé. Malah dina buku ieu pisan mimiti kapanggih dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét” anu ngalalakon babarengan, sarta dina hiji dongéng téh diwangun ku sababaraha kajadian anu kaitung loba, sarta dongéngna ogé kacida panjangna. Kuya jeung monyét téh dicaritakeunana dua sobat anu teu weléh silicikan, dina rupa-rupa kajadian. Bisa disebutkeun “ngalalana” ka sababaraha “peristiwa”. Malah bisa dicindekeun, sakabéh sékuél dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét” anu ayeuna sumebar di masarakat, sumberna tina ieu dongéng.

Mimiti kapanggih diwincik jadi sababaraha kajadian sakumaha anu sumebar di masarakat ayeuna téh dina buku *Gandasari* citakan katilu beunang ngumpulkeun R. Rg. Sastraatmadja saporakanca anu medal taun 1950. Dina ieu buku dimuat sababaraha dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét”, anu judulna béda-béda diluyukeun jeung kajadian anu aya dina éta dongéng, sarta eusina sarua jeung anu kapanggih dina *Pariboga*. Aya éta ogé anu anyar, nyaéta dongéng “Sakadang Kuya Ngagandong Imahna” jeung dongéng “Penjoe sareng Monjét”.

Dimimitian dina *Gandasari*, kadieunakeun anu nuliskeun deui dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét” téh dipisah-pisah sajudul-sajudul. Upamana anu kapanggih dina buku *Aker Dangse, Lima Abad Sastra Sunda*, jeung *Suling Aing Tulang Maung*. Kitu deui dina pola caritana aya anu robah. Lamun dina *Pariboga* pola caritana nyaéta “ngimpi – indit ngalalana – katipu”, tah dina *Gandasari* mah pola caritana robah jadi “nyampeur – indit ngalaksanakeun maksud – katipu”. Satuluyna dina buku *Aker Dangse* ieu dua pola carita téh campur. Dina hiji carita polana “nyampeur – indit ngalaksanakeun maksud – katipu”, dina carita séjénna aya anu maké pola “ngimpi – ngalalana – katipu”. Sedeng dina *Lima Abad Sastra Sunda* jeung *Suling Aing Tulang Maung* mah polana taya anu angger. Struktur caritana ogé basajan pisan.

Dina buku *Seondanesche Bloemlezing* tokoh monyét téh ngagunakeun ngaran monyét, ngan pédah tokoh layanna taya anu jeung kuya, tapi dina *Pariboga* mah tokohna kunyuk. Najan sarua-sarua kénéh monyét, tapi ngaran kunyuk kapangaruhan ku asal muasalna éta dongéng anu ceuk Pleyte mah ti Garut (bisa jadi maksudna Pleyte meunangkeun éta dongéng ti di wewengkon Garut). Katerangan anu dicantumkeun ku Pleyte, teu bisa dijadikeun kacidekan yén dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét” asalna ti Garut, lantaran di wewengkon séjén ogé sumebar dongéng anu sarupa, ngan ngaran tokohna monyét lain kunyuk. Ngaran kunyuk bisa jadi kapangaruhan ku kabiasaan di wewengkon Garut anu nyebut kunyuk kana monyét.

Tina dokuméntasi-dokuméntasi tinulis anu kapanggih, loba simbol-simbol budaya anu ngalaman parobahan. Hal ieu tangtu baé kapangaruhan ku kasang budaya jeung kahirupan pangarang anu nuliskeun éta dongéng. Upamana kasang budaya jeung kahirupan C.M. Pleyte tangtu béda jeung R. Rg. Sastraatmadja, kitu deui jeung Wahyu Wibisana atawa Elin Sjamsuri. Pleyte anu urang Eropah, leuwih deukeut kana budaya urang Eropah, sedeng anu tiluan deui pituin urang Sunda tangtu baé leuwih deukeut jeung budaya urang Sunda. Tapi lantaran Wahyu Wibisana mah resep nembang, ana nulis dongéng loba pisan anu direumbeuy ku tembang, béda jeung nu séjénna, anu sok sanajan palinter nembang tapi teu mangaruhan kana carana dina nuliskeun dongéng.

Tina sababaraha dongéng anu kapanggih, sabada dipilah-pilah, aya 23 dongéng anu jadi data panalungtikan. Tina anu 23 dongéng éta, dipilah deui dongéng anu eusina sarua sok sanajan judulna béda. Anu eusina sarua dianggap hiji, dina analisis struktur caritana. Tapi ari analisis simbolna mah tetep dipisahkeun, komo anu dina ngagunakeun simbolna ngalaman parobahan mah, lantaran simbol-simbol ieu anu némbongkeun jaman jeung kasang budaya gelarna ieu dongéng.

Sabada dipilah-pilah, simbol-simbol budaya anu kapanggih dina dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét” téh dikolomkeun kana tilu wujud kabudayaan

nyaéta dina wujud konsép atawa gagasan, wujud aktipitas atawa tindakan, jeung wujud barang.

Tina simbol-simbol ieu, sabada disurahan leubeut ku ajén atikan jeung ajén budaya anu luhung, pikeun picontoeun jeung pieunteungeun entragan sapandeurieunana. Sarta sabada disbanding-banding, dina buku kumpulan dongéng *Aker Dangse* anu ditulis ku Wahyu Wibisana, kecap-kecap anu ngandung simbol budaya leuwih euyeub sarta ngaragum rupa-rupa aspék kahirupan. Bisa jadi hal ieu patali jeung kasang tukang budaya Wahyu Wibisana anu tadina cicing di lembur sarta dalit jeung widang seni, sastra, ogé budaya. Tapi lamun dititénan sacara umum, simbol dina wujud barang kapanggih panglobana, dituturkeun ku simbol dina wujud aktipitas/tindakan.

Jadi bisa dicindekeun, najan sakumaha énténgna eusi dongéng, tapi saéstuna pungsina lain ngan sakadar keur hiburan atawa ngeusian waktu luang wungkul, tapi ogé mibanda pungsi jadi media atikan anu “dikemas” dina wangun anu matak ngirut nu ngabandungan. Kitu deui simbol-simbol budaya anu anu digunakeun dina hiji dongéng bisa méré gambaran kasang budaya masarakat anu ngagelarkeunana.

Aya hiji catetan penting anu kapanggih sabada ngaanalisis dongéng “Si Kuyuk jeung Si Kuya” beunangna C.M. Pleyte, nyaéta ayana simbol anu ngandung unsur anakronisme. Upamana, dina kasang carita téh jaman anu dicaritakeun jaman tatanén di huma, anu tangtu baé perenahna sisi leuweung atawa jauh di lamping gunung. Tapi dina dongéngna aya latar di *jalan gedé* jeung *pasar*, anu biasana mangrupa tempat anu deukeut ka kota. Kitu deui pakakas *karung* anu digunakeun, asa kurang merenah jeung jaman anu dicaritakeun dina dongéng. Ku kituna bisa dicindekkeun, dina milih simbol budaya anu digunakeun dina dongéng, kapangaruhan ku kasang budaya anu nyaritakeunnana (nuliskeunana).

## 5.2 Saran

Hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun tatapakan pikeun maluruh aspék-aspék séjénna anu aya dina dongéng, lain ngan sawates struktur jeung simbol budaya Sunda wungkul. Hal ieu dumasar kana tinimbangan, loba aspék anu can kaungkab dina ieu panalungtikan. Upamana, sanajan simbol-simbol budaya anu digunakeun dina dongéng anu ditalungtik bisa méré gambaran ngeunaan kasang budaya masarakat anu ngagelarkeunana, tapi sacara leuwih tegesna can bisa dipastikan iraha jeung saha anu mimiti ngagelarkeun dongéng.

Lian ti éta, dongéng-dongéng Sunda téh kacida réana, boh anu palakuna sasatoan salian ti kuya jeung monyét boh jalma biasa atawa nu sakti, anu can ditalungtik. Ku kituna disarankeun aya panalungtikan-panalungtikan séjénna anu leuwih daria sarta leuwih rongkah, pikeun ngungkab sakumna aspék anu aya dina éta dongéng, pangpangna ajén atikan pikeun bahan pangajaran di sakola-sakola. Cag!